Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого, лъилъе, нилъ гьечIого, хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www. mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета



№ 41 (6441) 3 август 2015 с. Итни Шаввал 1436 с. Багьа 5 гъур.

ГIОЛИЛАЗУЛ ПОЛИТИКА

## Бакълъулазул гIолохъабазулгун дандчIвай

### Северияб Кавказалъул гIолилазул «Машук – 2015» форумалда гIахьаллъана

**Дагъистан Республикаялъул Халкъияб Собраниялъул председателасул заместитель СайгидахIмад АхIмадов, Дагъистаналъул бетIер Рамазан ГIабдулатIиповгун цадахъ гIахьаллъана Пятигорск шагьаралда Северияб Кавказалъул гIолилазул «Машук – 2015» форум рагьиялъул рохалилаб данделъиялда.**

Форумалъул аслиял темабилъун гьаб соналда рукIана КIудияб ВатIанияб рагъда Бергьенлъи босаралдаса 70 сон тIубаялъул ва Дербент шагьаралъул юбилей.



Республикаялъул бетIер Рамазан ГIабдулатIипов ва СайгидахIмад АхIмадов дандчIвана республикаялъул гIолилалгун, Гумбеталдаса гIолилазул рахъалдасан делегатал **Жамалудин Расуловгун, Ражаб АхIмадовгун, Аюб Малачиевгун, МухIамад СагIидовгун, РахIматула Апандиевгун, АхIмадин ХIасанхIусейновгун**. Лъайхъвай гьабуна гьезул проектазулгун ва гьел гIумруялде рахъинариялъулъ бергьенлъаби гьарана.

«Машук» - гьеб ккола махщел бугел гIолилал, церехъаби тIаса рищиялъе квербакъи гьабулеб тадбир. Щибаб соналъ слет тIобитIиялъ гIолилазе рес кьола жамгIияталъе пайда кьолел жидерго идеял гIумруялде рахъинаризе. «Машукалъ» гьединго гIолилазе кумек гьабула цIиял регионалиял бухьенал гIуцIизе, лъай-хъваял цIикIкIине», - ян абуна парламенталъул вице-спикерас.

**«Гумбет» РИО**

БАЗАР КИН БУКIИНЕБ, НИЗАМ БУГОНИ

## Ракь цоцахъе цIаге, цIаха кинигин

### Гумбет районалда тIобитIана участковиязул хIалтIул суал гьоркьоб лъураб заседание

**31 июлалда тIобитIана Гумбет районалъул администрациялъул иргадулаб заседание. Гьениб гIахьаллъи гьабуна «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер МухIамадгIали МухIамадгIалиевас. Къабул гьарун рукIана росабазул поселениязул бутIрул, районалъул учреждениязул, гIуцIабазул нухмалъулел, Россиялъул МВДялъул Гумбет районалда бугеб отделалъул нухмалъулесул ишал тIуралев Сайпудин МухIамадгIалиев, участковиял инспекторал ва цогидалги.**

Заседание рагьана Гумбет райадминистрациялъул бетIер **ГIабдулахIажи ГIабдулкъадировас.** Гьениб гьоркьоб лъуна «Гумбет район» муниципалияб районалъул территориялда гIадлу-низам хвезабиялъул хIужаби ккечIого рукIиналъе бакIалъулаб самоуправлениялъул органазул ва полициялъул цадахъ рекъон хIалтIи гIуцIиялъул хIакъалъулъ» суал. Гьеб суалалда тIасан докладгун кIалъана Россиялъул МВДялъул Гумбет районалда бугеб ОУУПалъул нухмалъулев **УхIумагIали Загьидов.**



Гьоркьоб лъураб суалалда тIасан кIалъазе рахъана райадминистрациялъул бетIерасул заместитель **АхIмад Каримов**, «Сельсовет “Игалинский”» муниципалияб гIуцIиялъул бетIер **ХIажимурад МухIамадов,** «Село Тлярата» муниципалияб гIуцIиялъул бетIер **Анвар Залумханов,** районалъул имам **ГIабдула-хIажи Закарикаев.**

Коллегиялъул заседаниялда жиндирго кIалъаялда «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер МухIамадгIали МухIамадгIалиевас тIадчIей гьабуна росабазул поселениязул бутIрул, участковиял инспекторал цадахъ рекъон хIалтIизе ва ракьалги законалда рекъон хIалтIизаризе ккеялда.

Ахиралда къабул гьабуна гьоркьоб лъураб суалалда тIасан хIукмуги.

**ГIайшат Исламбиева**

НОМЕРАЛДА РУГО:



Все дороги ведут в Арадирих

-2 стр.



Россиялъул Югалъул математикал – МелъелтIа

-2 гьум.



Нилъер гIорал, хIорал, ралъадал – нилъер матIаби

-2 гьум.



Аллагьасул рукъалъе къучI лъолезда гьорлъ

-3 гьум.

КОЛОНКА ГЛАВНОГО РЕДАКТОРА

# Все дороги ведут в Арадирих

### Благословенны те, кто убирает камни с дороги

**Из искры – пламя. Продовольственная безопасность начинается с полей и лугов, с загонов для отар овец и ферм для птиц, с лопаты и сохи рядового горца, с огорода, с сада… Без родников и речек нет рек и морей.**

Чтобы функционировало раз-



витое общество, должны действовать общественные институты. Так было всегда. Исследователи сельской общины Страны гор назвали поселения селами-полисами со своей самодостаточной внутренней структурой, способной регулировать все стороны жизни местного населения.

Если мы хотим возродить лучшие черты горцев, сохранить их общественные и нравственные принципы, устои жизни, необходимо внедрять эти идеалы в нынешние реалии, прививать их новым и новым поколениям, а не заниматься словоблудием с трибун и президиумов.

Исторически каждый дагестанец был общественником, он был ответственен за себя, за свой род, общину. Каждый участвовал в общественных работах, находился под негласным общественным контролем. Этот консервативный уклад жизни и данные принципы цементировали общество, делая его монолитным и прочным, способным противостоять вызовам извне и изнутри.

Перечисленные императивы и принципы нашли художественное воплощение в том числе и в книге Расул Гамзатова «Конституция горца».

Эти мысли посетили меня, прибыв в очередной раз на свою Большую Родину, в свою Итаку и Царское Село – в Арадирих. Помню с детства, как голос глашатая поднимал народ на общественные работы. И люди выходили. Облагораживали улицы, убирали камни с троп и всех дорог села во все луга, пастбища, леса и угодья, очищали большие и мелкие озера, водоемы… У наших горских предков не было служб ЖКХ, САХ и прочих, но они держали в кристальной чистоте и в порядке свои внешние и внутренние миры.

Сердце наполняется новым светом, наблюдая проявления добра и истинной человечности, настоящей сущности горского человека. По инициативе молодежной организации сельского поселения «Сельсовет "Арадирихский"» в эти дни ведутся работы на разных трудовых фронтах.

Часть сил молодежи и общественности села направлена на строительство придорожной мечети у ветки Нижнее Инхо – Арадирих республиканской автотрассы. Для арадирихцев эта мечеть будет выполнять роль оазиса для путников пустыни. Джамаат сельского поселения «Сельсовет "Арадирихский"» выражает искреннюю благодарность джамаату, имаму и главе сельского поселения «Село Нижнее Инхо» за разрешение на строительство мечети на территории их муниципалитета, а также за моральную и материальную помощь в этом богоугодном деле. Да воздастся вам ваше добро тысячекратно, в этом мире и в мире вечном. Аминь.

Знамя молодежной организации сельского поселения «Сельсовет "Арадирихский"» твердо держит в своих руках общественник Муслим Абдулхалимов, который решает организационные и другие вопросы, связанные с молодежной политикой. По словам Абдулхалимова, для строительства мечети на развилке Нижнее Инхо – Арадирих республиканской трассы, а также для возведения спортивного помещения и медресе в селе Средний Арадирих и на многие другие общественные нужды частные лица, меценаты выделяют средства и просят не упоминать их имена. Да примет Всевышний их пожертвования! Аминь.

В эти дни также восстанавливается дом чабана на пастбище Уцулручахъ сельского поселения «Сельсовет "Арадирихский"». Агропромышленный комплекс берет начало с дома чабана. Пока в нашей стране не выпускаются роботы-пастухи, и вряд ли бездушная машина способна на такой самоотверженный и романтичный труд как пастушество.

Работники РМБУ «РИО " Гумбет" в эти выходные посетили данные строящиеся объекты и были впечатлены картиной возрождения села, зелеными лугами и кристальными источниками, полетами орлов и журчанием речек…

- Когда же мы в горы вернемся опять? – вопрошал поэт Магомед Гамзаев. Горы – судьба Страны гор и жителей нашей республики. Нам не жить друг без друга.

Для меня все дороги ведут в Арадирих. Как в той притче про кустарник – родину птицы.

Как писал Расул Гамзатов :

- Тропинками, сквозь даль простертыми,

В горах рожденные мужчины,

Должны живыми или мертвыми

Мы возвращаться на вершины.

ГIЕЛМУ-ХАЗИНАЙИН ХВЕЛГО ГЬЕЧIЕБ ЖО

# Россиялъул Югалъул математикал – МелъелтIа

### Роолаб хIисаб гIелмуялъул школа

**Гумбет районалда пагьму-гьунар бугел лъималазул школа-интернаталда рагьана Дагъистаналъул шагьараздаса ва районаздаса 40 цIалдохъанасе лъай кьолеб Роолаб хIисаб гIелмуялъул школа.**



Роолаб хIисаб гIелмуялъул школа рагьиялда кIалъазе рахъана школлъималазе тIадеги лъай кьеялъул «Хьул» ( «Надежда») централъул директор, Россиялъул Федерациялъул лъайкьеялъул хIурматияв хIалтIухъан **Аскер Аскеров** (МахIачхъала), гьесул заместитель **Габибула Габибулаев,** аспирант, Бернуллил цIаралда бугеб тIадеги лъайкьей цебетIезабиялъул централъул бетIерав специалист **Тимур Тугуз** (Краснодар), Дагъистан Республикаялъул мустахIикъав учитель **МухIамадкамил ХIасанов** (Дилим), пагьму-гьунар бугел лъималазул школа-интернаталъул директор **Лабазан ХIажиев** (МелъелтIа), Гумбет районалъул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев **Муса КъурамухIамадов** ва цогидалги.

Роолил хIисаб гIелмуялъул школа хIалтIизе буго 2015 сона元лъул 26 июлалдаса 12 августалде щвезегIан. Лъайкьеялъул программаялда цадахъго, лъималазе гIуцIун руго культуриялгун тарихиял бакIазде экскурсиял, тIабигIаталде сапарал ва цогидалги спортивиялгун ракIгъезабиялъулал тадбирал.

**«Гумбет» РИО**

РАЦIЦIАЛЪИ – ДИНАЛЪУЛ БАЩАЛЪИ

# Нилъер гIорал, хIорал, ралъадал – нилъер матIаби

### Бакълъулаз гIахьаллъи гьабуна «БацIцIадаб рагIаллъи» акциялда

**МелъелтIа, ЛъаратIа, ЧIиркъатIа, Игьали, Гьоркь Инхо, ТIад Инхо, Килалъ, ЧIикь, Гьарадирихъ росабалъа 150-ялдаса цIикIкIун чияс гIахьаллъи гьабуна «БацIцIадаб рагIаллъи» акциялда. Гьез, Унсоколо районалъул Заманалъулаб поселокалдаса байбихьун, Болъихъ районалъул Кьохъ росулъе щвезегIан гIорул рагIал ва гьеб гIорулъе чвахулеб ЛъаратIа лъарал рагIал бацIцIад гьабуна.**

Гьенир бакълъулазда цадахъ хIалтIана ГIахьвахъ районалдаса вакилзабиги. ГIорул рагIал рищни-къуралдаса, хIажат гьечIеб махх-кIачалдаса бацIцIад гьабуна Болъихъ, Унсоколо, ЦIумада, Хунзахъ районаздаса рачIаразги.

Акциялда жигараб гIахьаллъи гьабуна Гумбет районалъул культураялъул, физическияб культураялъул, спорталъул, гIолилазул политикаялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулесул заместитель **НурмухIамад МухIамадовасул** ва гIадамал хIалтIудалъун хьезариялъул Гумбеталда бугеб централъул нухмалъулев **Муслим ГIабдурахIмановасул** **Лабазан МухIамадовас** ва «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель **ХIайбула ГIабдурахIмановас.**

Акция тIобитIулаго, ру-



бетIерлъиялда хIалтIуда ругелги гьечIелги гIолилаз.

ГIандигIорул рагIал бацIцIад гьабиялъул хIалтIуе нухмалъи гьабуна Болъихъ районалда бугеб экологиялъул ва тIабигIиял сурсатаздаса пайда босиялъул рахъалъ районазда гьоркьосеб комитеталъул нухмалъулев кIана гIураб къадаралда юк бачуулел машинаби ва Гумбеталъул централияб больницаялъул «хехаб кумекалъул» машина.

АкциялъулгIахьалчагIаз хIукму гьабуна гьединал тадбирал хадурккунги тIоритIизе.

**«Гумбет» РИО**

НУХАЛГИ МЕХАЛГИ

# Инхо-Килалъ

### Бульдозер хIалтIана

**Инхо – Килалъ шагьранух къачIана гьал къоязда «Гумбетовское ДЭП-№10» ОАОялъул хIаракаталдалъун. Бульдозергун гьел нухазда 3 къоялъ хIалтIана МухIамад ТIагьиров.**

Бульдозерист ТIагьировас нухал къачIана автотранспорталъе кьварилъи, квекIен гьечIеб хIалалда. Руго гьенир цо-цо чабах чIвазе кколел бакIалги, гьеб хIалтIиги нухазул идараялъ хехго рагIалде бахъинабилин хьул буго.

**Исрапил Заирбегов**

МагIарулаз улка берцин гьабуна,
Имамзабаз Кавказ кенчIезабуна. Игьалиса Чупалав

№ 41 3 август 2015 с.

ПИКРАБАЗУЛ ГIУРУЛ ГУЧАБ КАРАЧЕЛ.
КIУДИЯБ БЕРГЬЕНЛЪИЯЛЪ – 70 СОН

# Шагьар-бахIарчи Киев кибе буссун бугеб?

### Вацлъиялда рукIана, гьанже щиб ккараб?

**«Киевская Русь» абураб калимаялдасан бичIчIула Россиялъего къучI лъураб бакI Киев шагьар букIин. Гьеб рагIиялъ бицуна киназ кIвар бугеб ва букIараб Киевалъул Россиялъул тарихалъеяли.**

БитIахъе дир щин бахъине бачIуна ахираб тIубараб лъагIелалъ телевизоралдасан рихьизарулел ругел ракI гъанцIизабулел лъугьа-бахъиназ. Сунде сверун бугеб Киев шагьар, КIудияб ВатIанияб рагъул шагьар-бахIарчи? Гьеб шагьаралда ругел Украиналъул тIадчагIазул буюрухъалда рекъон, гъурулел руго Новороссиялъул гIадамал. Нилъеда гьеб бихьулеб ва рагIулеб буго. Дагьал чагIийищ чIварал, лъукъа-къотIарал, кигIан кIудияб тушманлъи гьабулеб бугеб Россиялъул граждаdebaзде Украиналъул, вацлъиялда рукIарал, цадахъ фашистазда данде рагъарал гIадамаз.

Гьаб иш лъугIун хадуб, дида ракIалде щвана араб гIасруялъул ункъоабилел соназ, дун гIагараб росдал колхозалъул председательлъун вукIараб заманалда, ккараб цо гьитIинабго лъугьа-бахъин. ГIаздаца ХIаригабурлъи бацараб бекьулеб заман букIана. ВачIана цо гIолохъанчи, Киевалда яшав гьабун чIарав славянав. -Мун щив чи, кив вукIарав, дур кваригIел щиб? - ян цIехана гьесда. Гьос абуна жив вачIун вугин, нужер кагъаталда рекъон, гьание вехьлъун вачIиналде бакIаlьулгун лъай-хьвай гьабизе. Колхозалъул председателасул цIаралда гьесухъе кагъат битIун букIун буго. Гьесул хIакъалъулъ «Овцеводство» журналалда гьитIинабго макъала хьван букIун буго гьадинаб магIнаялъул: «Дир буго гIияхъанлъицIцIанахъанлъиялда хIалтIизе гьунар бугеб гьой. Дун вачIине вуго, гьойги бачун, вехьлъи гьабизе. КъвариГIани, дихъе кагъат хьвай», - абураб.

Дица къасд гьабуна гьесда цадахъ нижер мегIерги, гьенир ругел шартIалги, цIцIаниги рихьизе чи витIизе. Гьасда магIарде витIилелдего бичIIана щиб бакI гьеб бугебали ва гьениве ине къасдго гьабичIо. Гьебго къоялъ доброго ХIариб габурлъиги бегун, гIолохъанчи нахъвуссун ана.

Дир кутакалда щцин бахъана, колхозалъул штампалдаса ва печаталдаса пайдаги босун, дир цIаралда кагъат хьварав чиясда. Дида ккун букIана гьеб «махсаро» гьабурав чи ватилин колхозалъул гIибоцIухъанлъиялда хIалтIулев вукIарав специалист ва дун гьесда щцин бахъун вукIана. Дица пикру гьабулеб буго, доб советияб, коммунистазул заманалда гьев гIолохъанчи, кагъаталъе жаваб гьабун, цIикIкIараб харжги гьабун, халатаб нух нахъаги тун, вачIун вуго ЧIиркъатIе щвезегIан. Гьанже вачIинадай, месед къуниги?

Камил ХIадисов,
ЧIиркъатIа росу

ДИНУЛ ИСЛАМАЛЪУЛ АСАР – РАКIАЗУЛЪ

# Аллагьасул рукъалъе къучI лъолезда гъорлъ

### Бакълъулазул вакилзабаз кумек гьабуна МахIачхъалаялда цIияб мажгит балезе

**МахIачхъала шагьаралда цIияб мажгит балеб бакIалда хIалтIулезе кумек гьабуна Гумбет районалдаса нусгоялдаса цIикIкIун чияс.**

Гьеб Аллагьасул рукъ балелъуб Гумбеталдаса делегациялъ кумек гьабуна бакIал раялъул материал машинабаздаса чIехьезе ва сокIкIине.

Делегациялда гьоркьор рукIана Гумбет районалъул администрациялъул бетIерасул заместителал **ХIайбула ГIабдурахIмановасул** ва **АхIмад Каримовасул** нухмалъиялда, отделазул заведующиял, районалъул учреждениязул ва гIуцIабазул нухмалъулел, гьездаго цадахъ - районалъул централияб больницаялъул бетIерав тохтур **МухIамад СайгидахIмадов,** районалъул экономикаялъул, росдал магIишаталъул ва буголъиялъул гьоркьорлъабазул отделалъул нухмалъулев



ХIусен Мутаев, гьесул заместитель **Ибрагьим Ибрагьимов,** территориалияб рищиязул комиссиялъул председатель **ГIабдулмажид Амагаев** ва цогидал.

ХIалтIуе нухмалъи гьабуна хIалбихьи бугев бакIалъулев чи, предприниматель **МухIамад Халидовас.**

Бакълъулаз хIукму гьабуна моцIида жаниб цо нухалъ мажгит балеб бакIалде кумекалъе рахъине.

«Гумбет» РИО

РАГIАД БИТIУЛАРЕБИН, ТIИЛ ГЬЕТIАРАБ БУГОНИ…

# «Цогояб Россия» партиялъул сияхIал…

### Гумбет районалда росабазул поселениязул вакиллъиялъул органазде депутатлъиялде кандидатал рихьизаруна

**Гумбет районалъул 15 росдал поселениялда рищизе руго вакиллъиялъул органазде депутатал. «Исанасел рищиязда депутатазул 119 мандат букIине буго», - ян абуна территориалияб рищиязул комиссиялъул председатель ГIабдулмажид Амагаевас.**

- «Цогояб Россия» партиялъул Гумбеталъул бакIалъулаб отделениялъ жигараб гIахьаллъи гьабулеб буго рукIинесел рищиязда. Партиялъ рихьизарурал кандидатазда гьоркьор 33% 35 сон бачIел гIолилазул, 22% руччабазул буго. Рихьизарурал кандидатазул бащдаздаса цIикIкIараб къадаралъул тIадегIанаб лъай буго.

119 кандидатасдасан 75 хъулухъчи, 9 хIалтIухъан вуго, 18 –ял хIалтIулел руго батIи-батIиял предприятиязда, цогидал хIалтIулел руго жалго бетIергьанаб магIишаталда, - ян абуна «Цогояб Россия» партиялъул бакIалъулаб отделениялъул нухмалъулев **АхIмад Сулаймановас.**

«Гумбет» РИО

АВАРАЗУЛ ПАШМАНЛЪИ –
АВАР МАЦI ЛЪАЧIЕЛ ЛЪИМАЛ

# ...Шагьидлъун батула дида авар мацI...

### Рахьдал мацI цIуниялда хурхун клубалъулал тадбирал кинаб къагIидаялъ тIоритIилел?

**ГIагараб рахьдал мацIги нилъерго маданиябгун рухIияб культураги нахъе кколеб, кIочон толеб бугилан ахIи балеб буго магIарул миллаталъул ургъел бугел миллатцояз.**

МацIги маданиятги ккола миллаталъул къучI, гьелъул къалбал, гьезие жагьаллъи ккани, миллат тIагIуна. Жиндирго миллаталъул мацI лъаларев чи гьеб миллаталъул чи кколаро. МагIарул мацI лъаларев чиясда лъаларо магIарулазул гIадаталги, гьезул тарихги, миллаталъул культураги.

МухIамад Гунащевас хъвана:

**МагIарухъе щвечIел**
**магIарул лъимал,**
**Угьдула дун цо-цо,**
**нужехъ валагьун,**
**Жиндирго бухIигун**
**МахIмуд вичIчIичIел,**
**МагIарул хIасратгун**
**ХIамзат лъаларел.**

Нилъер магIарулазул щибаб ункъабилеб хъизан цоцазда гIурусалъ кIалъалеб буго. Лъималазда жидерго рахьдал мацI лъангутIиялъе, тIоцебесеб иргаялда, гIайибиял руго жалго эбел-эмен. Гьоркь гIураб къагIидаялда рагIабазул нахърател гьечIони, школалда малъун рахьдал мацI лъазабизе захIмалъула.

1991 абилеб соналда Дагъистаналъул халкъазул тIоцебесеб съездалде рачIарал, церего ДагъистаналдасакъватIире гочарал магIарулаз магIарул мацI бицунеб рагIидал МухIамад Гунащевас гьадин хъвана:

**КъватIир улкабазда**
**авар наслаби**
**Умумузул мацIалъ**
**гаргаданиги,**
**Гуро, дир Дагъистан,**
**дур шагьаразда**
**Шагьидлъун батула**
**дида авар мацI.**

Рахьдал мацIги, рухIияб культураги, гIадаталги, гIелалъ гIелалъухъе кьолаго, мадиро гьабун, умумуз нилъехъе щвезарун руго. Умумуз гьеб хазина нилъее щвезабун буго захIматал нухаздалъун, пагьму-гьунаралдалъун, гIумру гьабиялъул лъикIал мисалаздалъун цIунун ва тIадеги бечедги гьабун. Нилъеде ирга щведал, гьеб къимат тIадегIанаб хазина билизе тезе бегьиларо.

Расул ХIамзатовас гьадин хъван буго:

Амма букIаниги ирсалъе щвараб Авар мацI цо гIураб хазина буго, - абун.

Нилъерго гIагараб магIарул, ай авар мацI, цIуниялъе маданиял учреждениязда тадбирал кинаб къагIидаялъ гIуцIизе ккелел?

Библиотекабазда лъикIаб букIина магIарул мацIалда лъималазда гьоркьор моцIида жаниб цо нухалъ литературиял цIалиял тIоритIизе . ЦIализда бергьарал лъимал сайигьатаздалъун кIодоги гьаризе ккела. Гьелъ рес кьезе буго гIолеб гIел тIахьаздехун гьудуллъи гьабизе куцаялъе, библиотекабазде гьел хьвадиялъе. Жакъа къоялъул ахIвалхIалалъухъ ралагьани, тIехь тIубанго кIочон тун буго, кинабго интернеталъги телевизоразги хисун буго.

Маданиял идарабаз гьарулел киналго тадбирал магIарул мацIалда тIоритIизе ккела. ГIурус мацIалъ бигьаяб бугилан абун, нилъерго рахьдал мацI кIочон тезе бегьиларо. Бищунго цебе куцазе ккола гIолеб гIел. Школалдаги гIурус мацIалде цIикIкIун кIвар кьунани, рокьоб эбелинсуца бичча-бихьан тейги гьабунани, лъималазда гIайиб щиб бугеб авар мацI кIочон теялъе? Маданиял гIуцIабаз мустахIикъаб бутIа лъезе ккола умумуз нилъее ирсалъе тараб авар мацI росабалъ цIунун хутIиялда гьоркьоб.

Гьеб мурадалда маданиял идарабаз школазгин цадахъ батIи-батIиял тадбирал гьаруни, лъикIаб букIина. Бищунго цIикIкIун кIвар кьезе ккола росдал тарих гьваридго лъазабиялде ва гьеб тарих гIун бачIунеб гIелалъе нахъе цIуниялде. Къо бахъанагIан, лъималазда кIочон толел руго гьарулел рукIарал хIаял, росдал мугIрузде, мегъазде ва гIалахазде цIарал. Нижеца планалде босун буго росдал тарих лъазабиялда тIасан школазда гара-чIвариял тIоритIизе, росдал тарихиял бакIазде щвезе. Дица хьвалеб буго, дирго гIагараб, Гьарадирихъ росдал тарих рахьдал мацIалда. Нижер росулъ батIи-батIиял миллатазул чагIиги гьечIо, нагагь росдал тарихалдасан суал къуни, гIурус мацIалде буссинабизе хIадурав вуго.

Щивав чи вукIине ккола, бищун цеве -жиндирго хъизаналъул, хадуб - росдал, районалъул, Дагъистаналъул ва Россиялъул ургъел гьабулев, гьезухъ ракI бухIулев чи.

ГIурус мацIалда абуни - патриот.

Гьедин абулеб буго исламалъги, гьедин абулеб буго къарнуялъги.

Ахиралдаги къокъ гьабизе бокьун буго Расул ХIамзатовасул кочIол рагIабаздалъун;

**- Гьаб мацIалъ панаяб кечI ахIулаго,**
**Киниги гьулакги кIикIана нилъер,**
**Гьаб мацIалъ, рокъоса унеб мехалда,**
**Нух битIагийилан абуна улбуз.**

**Багьавудин МухIамадов,**
**Бакълъ Гьарадирихъ маданиябгун хIухьбахьиялъул централъул директор**

РОРХАТАЛ МУГIРУЗДА РУГО ГIАДАМАЛ

# Цо гордухъан хъулухъ гьаби

### МФЦялъул хIалтIухъаби рокъо-рокъоре щвана

**Дагъистаналъул гIемерфункциязулаб централъул Гумбет районалда бугеб филиалалъул хIалтIухъаби, пачалихъиял ва муниципалиял хъулухъал гьариялъул къагIидаби ва шартIал ричIчIизари мурадалда, гIадамазухъе рокъо-рокъоре щолел руго. Гьаб нухалда гьел дандчIвана районалъул централъул, МелъелтIа росдал, цо-цо гIадамалгун.**

МФЦялъул хIалтIухъабаз гьезда бицана «цо гордухъан» хъулухъ гьабиялъул къагIидабазул, гьаруна консультациял. ГIемерфункциязулаб централъул хIалтIул низам ва гьарулел хъулухъал рихьизарулел рекламаялъулал тIанчал ва буклетал къуна.

«МФЦялъул хIаракатчиъиялъул хIакъалъулъ гIадамазда лъазе, гьезул рокъо-рокъоре хьвади хадубккунги гIуцIизе буго районалъул киналго росабалъ. Гьединаб масъала цебе лъун буго республикаялъул централъул нухмалъулез ва нижеца гьеб масъала къокъаб заманалда тIубазабизе буго», - ян абуна МФЦялъул Гумбеталда бугеб филиалалъул нухмалъулев **ГIумар МухIамадовас.**

**«Гумбет» РИО**

НУХАЛГИ -МЕХАЛГИ

# Сагъри-МелъелтIа нух ва ХIаригабурлъи

### Гумбет районалде рачIана Дагъавтотрансалъул вакилзаби

**Транспорталъул ва нухазул магIишаталъул рахъалъ Агентствоялъул нухмалъулесул заместитель ХIабибула МухIамадовасул бетIерлъиялда Дагъавтотрансалъул комиссия бачIана «Гумбетовское ДЭП № 10» ОАОялде, ай комиссия щвана Хасавюрт – Кьохъ шагьранухлул 46 – 92 километразде, халгьабуна хъил тIолел ругел гьебо нухлул 78-92 абилел километразда бугеб хIалалъул.**

Комиссиялда рукIана «Дорожный контроль» ГКУялъул нухмалъулел **ХIажимурад ХIайдарбегов** ва **ХIажибег ХIажибегов.**

Комиссиялъул хIалтIулъ гIахьаллъана Гумбет районалъул администрациялъул бетIер **ГIабдулахIажи ГIабдулкъадиров,** «Гумбетовское ДЭП № 10» ОАОялъул генералияв директор **ГIалимчилав ГIалимчилаев.**

Комиссиялъ лъикIаб къимат къуна ремонталъе, Гумбет районалъул ракьалда Хасавюрт – Кьохъ шагьранухда гьабураб хIалтIуе, разиго хутIана ГIатIид гьарун ва хъилтIун цIигьарун



къачIалел ругел гьебо шагьранухлул 78-92 аб. километразда бугеб хIалалдаса.

«Хасавюрт – Кьохъ шагьранухлул цIигьабун къачIалеб участок лъугIизе ккола гьаб соналъул ахиралде, гьелъул хIасилалда Гумбет районалъул центр республикаялъул тахшагьаргун цолъизабизе буго хъилтIураб нухалъ», - ян абуна **ХIабибула МухIамадовас.**

«Комиссиялъ гьединго лъикIаб къимат къуна нухазул хIалтIухъабазе, хасго ХIариб магIарда гьава-бакъалъул санагIат гьечIел шартIазда тIабигIиял балагьазде ккани водителазе ва пассажиразе чIезарун ругел шартIазе», - ян абуна районалъул нухазул хъулухъалъул нухмалъулев ГIалимчилав ГIалимчилаевас.

**«Гумбет» РИО**

МАГIАРУЛАЛ РУГЕЛ ЛЪИКIАЛ ГIАДАМАЛ

# Къурбандибир-хIажил хIаракат

**Ахираб заманалда нилъер магIарул росабалъ гIадатлъун лъугьун буго дагъабниги рес бугев чияс, росулъ я лъим бахъун, я нух бахъун хIалтIаби гьари, яги гьабулелъе спонсорлъи гьаби.**

Дица цебеги хъван букIана Килалъа Къурбандибир-хIажил сахаватлъиялъул. Жакъаги гьес росулъ гьарулел хIалтIаби дагьал гьечIо. Гьабулеб буго кIудияб щулалъиялъул къед, росулъ гьесул спонсорлъиялдалъун бетон тIечIеб къватI хутIичIо, школалъул азбаралдаги бетон тIуна. РочIчIоб магIарде нух бахъиялъулъ бищун цIикIкIараб гIахьаллъи гьесул буго. Росулъ гIолохъабазе спортзал баялъе гьабулеб буго хIалтIи.

Нагагьаб балагьалдалъун къварилъи ккарал, унта-щокъал гIадамазе кидаго кумекалъе гьев ватула. Живго Къурбандибир-хIажи хIалтIулев вуго Дагъистаналъул динияб идараялда хIежалде гIадамал ритIиялъул рахъалъ муфтиясул заместительлъун. ХIеж ва гIумра борхизе унезулги кIудияб тIалаб-агъаз гьабула гьес. Дица рехсана гьесул хIаракаталъул цо дагьабго бутIа. Гьес Килалъ росдае гьарурал гIадал хIалтIаби ЦIияб Килалъги гьаруна. Гьединав сахаватав, квергIатIидав, гIадамаз кIудияб адаб-хIурмат жиндир гьабулев чи вуго Къурбандибир-хIажи.

**Исрапил Заирбегов**

РОСАБИ-РОХХЕНАЛ



Килалъ росу

НУХАЛГИ МЕХАЛГИ

# О проведении профилактического мероприятия «Тонировка»

**Согласно приказу министра внутренних дел по Республике Дагестан (МВД по Республике Дагестан) от 24 июля 2015 г. № 1524, проводится оперативно-профилактическое мероприятие «Тонировка» с 28 июля по 5 августа 2015 года.**

Мероприятие проводится в целях активизации работы по пресечению фактов управления транспортными средствами с тонированными стеклами, во исполнение п. 6,14 плана МВД по Республике Дагестан на 2-е полугодие 2015 года.

**Ахмедбег Загидов,**
**и. о. начальника ОГИБДД ОМВД России по Гумбетовскому району, старший лейтенант полиции**

# О проведении профилактического мероприятия «Таксист»

**В городах и районах республики возросло количество транспортных средств (легковой), осуществляющих перевозку граждан с нарушением требований норм административного законодательства.**

Имеет место перевозки пассажиров на транспортных средствах, имеющих технические неисправности, что создает реальную угрозу жизни и здоровью гражданам. С учетом изложенного, согласно приказу министра внутренних дел по Республике Дагестан № 1523 от 21 июля 2015 г. проведено профилактическое мероприятие «Таксист» с 24 по 31 июля 2015 года.

**Ахмедбег Загидов,**
**и. о. начальника ОГИБДД ОМВД России по Гумбетовскому району, старший лейтенант полиции**

ЭКОНОМИЧЕСКАЯ ПОЛИТИКА

# Эксперимент по применению инновационной контрольно-кассовой техники продлен до конца декабря

Организациям и индивидуальным предпринимателям, которые участвовали в эксперименте по ККТ, разрешается до 31 декабря 2015года включительно регистрировать и применять контрольно-кассовую технику, которая соответствует требованиям, утвержденным постановлением Правительства Российской Федерации от 14 июля 2014 года №657.

Подписано соответствующее постановление Правительства Российской Федерации от 3 июня 2015 года № 543, которые вносит изменения в постановление Правительства Российской Федерации от 23.07.2007 № 470 «Об утверждении Положения о регистрации и применении контрольно-кассовой техники, используемой организациями и индивидуальными предпринимателями». Разрешение распространяется на правоотношения, возникшие с февраля 2015 года.

Принятое решение позволит участникам эксперимента, применяющим инновационную контрольно-кассовую технику, избежать дополнительных расходов на покупку новой ККТ.

БетIерав редактор
ХIамзат ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал:
ГIайшат Исламбиева,
Исрапил Заирбегов
Фотомухбир: Гебек Гебеков
телефон: 26-404

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес:
МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1325
Газета къватIибе биччазе гъулбасана,
графикалда рекъон: 16 с. 00,
хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.